

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur carita jeung aspék moral dina Novél *Prabu Wangisutah* pikeun bahan pangajaran maca di SMA. Aya tilu nu bisa dicindekkeun tina ieu panalungtikan, nyaéta struktur carita novél, aspék moral dina novél, jeung bahan ajar maca novél. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktural Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita (latar, galur, palaku), jeung sarana caita (judul, puseur implengan, jeung gaya basa), jeung konsép moral Hidayat Suryalaga nu ngawengku moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka dirina, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahirian jeung batinia. Ari tiori anu digunakeun dina milih kritéria bahan ajar nyaéta tiori Nasution. Satuluyna, ieu panalungtikan dilarapkeun jeung dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novél di SMA. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitik kalawan téhnik talaah pustaka jeung analisis data. Anapon instrumén anu digunakeun nyaéta kartu data jeung daftar céklis.

Kacindekan tina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita anu nyampak dina ieu novél dibeunangkeun dumasar kana téma, galur, palaku, latar, judul, puseur panitén, jeung gaya basa. Téma dina novél *Prabu Wangisutah* kaasup kana tingkatan téma sosial, ku sabab di jerona loba nyaritakeun interaksi jeung masarakat, hususna nyaritakeun kaayaan kahirupan dina mangsa karajaan sajarah. Masalah sosial nu utama anu kapanggih dina ieu novél nyaéta ngeunaan cinta jeung pulitik. Pasualan ngeunaan cinta kagambar waktu nyaritakeun cinta segi tilu antara Prabu Wastu Kancana, Déwi Sarkati, jeung Déwi Mayangsari. Pasualan pulitikna kagambar waktu Prabu Bunisora nitah Prabu Wastu Kancana pikeun jadi papingpin karajaan Sunda. Leuwih jéntréna téma novél *Prabu Wangisutah* nyaéta perjuangan hiji wanoja dina ngajugjug jajaka nu jadi pijodoeunana.

Ku lantaran nganalisis téma mah kudu maca sagemblengna eusi carita nu aya dina novél, antukna kapanggih galur carita dina novél *Prabu Wangisutah* miboga galur mérélé lantaran péréléan kajadian ti mimiti nepi ka ahir caritana tuluy maju sacara témporal, henteu nyaritakeun kajadian anu saméméhna atawa nyawang ka tukang. Anapon aya carita waktu nyawang ka mangsa tukang ogé mung sajorélateun sarta henteu bulak-balik. Kajadian-kajadian pikasediheun, pikabungaheun, pikahelokeun, jeung kajadian séjénna bisa nepi atawa karasa ka pamaca ngaliwatan para palaku anu ngalakonana éta kajadian.

Dina ieu novél kapanggih aya 76 palaku. Nu jadi palaku utama dina ieu novél nyaéta Prabu Wastu Kancana, lantaran Prabu Wastu Kancana nu ngalalakon ti mimiti carita nepi ka ahir tur ngaranna pangmindengna disebut. Palaku tambahan nu marengan palaku utama dina ieu novél aya opat palaku, nyaéta: Prabu Bunisora Suradipati; Rakéan Hujung; Déwi Mayangsari; jeung Déwi Sarkati. Sakabéh palaku tambahan nyaéta palaku anu raket patalina jeung Prabu Wastu Kancana sarta mangaruhan kana jalan carita. Ku lantaran para palaku sababaraha kali lalampahan ka nu jauh, jadi kapanggih palaku piguran dina ieu novél nyaéta aya 71 palaku. Ieu disababkeun alatan dina unggal wewengkon nu kaliwatan jeung kacicingan pasti aya palaku nu miboga peran dina ngajeujeuhkeun atawa ngan saukur nuduhkeun jalan.

Saperti anu geus disebutkeun, yén boh palaku utama boh palaku kadua mindeng lalampahan, antukna latar tempat dina ieu novél téh loba pisan. Latar waktu jeung latar suasana nu jadi palengkep tina latar tempat teu salawasna kagambar sacara *eksplisit* atawa disebutkeun langsung, lantaran aya sawatara latar waktu jeung latar suasana anu kudu ditafsirkeun heula tina cutatan caritana. Sacara gurat badag, latar tempat dina ieu novél aya 32 jeung latar waktuna aya 19.

Dina nyaritakeun eusi novél pangarang ngagunakeun puseur implengan caturan jalma katilu. Caturan jalma katilu anu digunakeun téh caturan nu teu kawatesanan atawa sarwa nyaho. Dina caturan jalma katilu sarwa nyaho ieu, pangarang nyoko kana kabéh karakter sarta nempatkeun karakterna di jalma katilu. Éta hal katitén lantaran palaku carita sok disebutkeun ngaranna sacara langsung atawa maké kecap sulur manéhna. Pangarang ogé sok bisa nyieun

karakter-karakterna sarwa nempo, sarwa ngadéngé, jeung sarwa nyaho. Pangarang nyaritakeun sakabéh prosés nu dilakokan ku palaku, nyaho alam pikiran, rasa, nyaho naon eusi batin palaku. Unggal pangarang, pasti miboga ciri atawa gaya dina nepikeun caritana sangkan béda ti nu séjén. Gaya basa anu dipaké nyaéta gaya basa babandingan atawa ngumpamakeun, mijalma, lalandian, rarahujan, babasan, jeung paribasa.

Sabada nganalisis struktur carita, panalungtikan dituluykeun kana analisis aspék moral. Tina hasil analisis ngeunaan fakta carita nu ngawengku galur, latar, palaku jeung watekna kapanggih aspék moral anu nyampak dina ieu novél.

Dina novél *Prabu Wangisutah* kapanggih aya 20 aspék moral nu hadé jeung nu goréng. Moral manusa ka Pangéran kapanggih aya tilu sikep moral hadé, dina moral manusa ka dirina kapanggih aya dalapan sikep moral, opat moral hadé jeung opat moral goréng, dina moral manusa ka manusa séjén aya genep sikep moral, opat moral hadé jeung dua moral goréng, moral manusa jeung alam aya dua, hiji moral hadé jeung hiji moral goréng, moral manusa jeung waktu teu kapanggih, jeung hiji moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahirian jeung batinih aya. Tina éta hal, bisa katitén yén Yoséph Iskandar kaasup pangarang Sunda anu remen ngasupkeun unsur-unsur moralitas anu kapanggih dina kahirupan sapopoé. Aspék moral nu kapanggih dina novél *Prabu Wangisutah* téh lolobana moral anu patali jeung diri sorangan jeung moral anu patali jeung papada manusa nu mangrupa eunteung pikeun kahirupan sapopoé sarta jadi conto dina nyanghareupan kahirupan. Nilik kana kaayan jaman kiwari, loba siswa jeung siswi nu geus jauh tina sikep moral, loba conto dina masalah pergaulan jaman ayeuna anu kacida prihatinna. Ku kituna aspek moral perlu pisan dilarapkeun dina pangajaran di sakola, sangkan babari nerap tur bisa jadi eunteung kahirupan sapopoé.

Ieu novél bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di tingkat SMA dumasar kana KIKD pangajaran basa sunda di SMA kurikulum 2013 ngeunaan maca novél. Dina maca novél ieu, siswa ogé diperedih pikeun lain ngan saukur maham kana novél anu dibaca hungkul, tapi ogé jeung struktur carita novélina. Di dieu

aya pangdeudeul séjén nyaéta ngeunaan aspék moral, sangkan siswa leuwih kairut deui dina mata pangajaran basa Sunda.

5.2 Implikasi

Struktur carita jeung aspék moral dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar téh bisa dilarapkeun di sakola dina pangajaran maca novél, kalayan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) siswa dibéré téks novél nu mangrupa sempalan tina carita novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar.
- 2) siswa dibéré pancén pikeun maca sempalan téks novél.
- 3) siswa néangan struktur carita jeung aspék moral nu aya dina sempalan téks novél.
- 4) siswa nganalisis struktur carita jeung aspék moral dina sempalan teks novél anu dipasing-pasing luyu jeung unsur-unsur pangwangun karya sastra.

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu.

Sabada nengetan, nganalisis, jeung ngarapkeun struktur carita jeung aspék moral dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar, dipoharep siswa mampuh ngaronjatkeun kaparigelanna, saperti ieu:

- 1) maham kana struktur carita jeung aspék moral nu aya dina novél *Prabu Wangisutah*.
- 2) parigel dina nangtukeun unsur-unsur pangwangun karya sastra saperti téma, latar, palaku, galur, puseur implengan, jeung gaya basa.
- 3) parigel dina nangtukeun aspék moral dina kahirupan sapopoé. Bisa ngabédakeun mana adab atawa moral anu patali jeung Pangéran, moral nu patali jeung dirina, moral nu patali jeung manusa séjén, moral nu patali jeung alam, moral nu patali jeung waktu, jeung moral dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batinhiah.
- 4) siswa bisa ngalarapkeun moral anu kapanggih tina sempalan téks novél *Prabu Wangisutah* sangkan jadi eunteung dina kahirupan sapopoé.

5.3 Saran

Ieu saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta: 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) masarakat. Panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi hiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui. Guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa ngarojong kana pangajaran, lantaran dina ieu panalungtikan geus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan nyangkem karya sastra saperti loba maca karya kritik sastra atawa kajian sastra. Salian ti éta, aspék moral dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan sapopoé. Tangtuna ieu panalungtikan téh masih aya kakuranganna. Patali jeung ieu hal, aya sawatara saran pikeun kamajuan dunya kasusastraan jeung dunya atikan, nyaéta:

- 1) perlu dilaksanakeun deui panalungtikan anu museurkeun paniténa atawa dipatalikeun kana pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.
- 2) dipiharep ieu panalungtikan bisa ngarojong kana prosés ngaprésiasi karya sastra di sakola, hususna ngeunaan aspék moral nu aya dina novél atawa carpon.
- 3) novél *Prabu Wangisutah* ditilik dina eusina loba pisan aspék moralna. Nu maca bisa nyokot hikmah tina unggal carita nu aya, pikeun pieunteungeun dina milampah kahirupan sapopoé.
- 4) dipiharep para guru ngawasa matéri nalika nepikeun pangajaran ngeunaan novél, lain ngan saukur sacara tiori, tapi kaasup eusi novélna, lantaran siswa bakal ngarasa kairut upama guru bisa nyaritakeun eusi novélna kalawan hadé.

